

# Kotizasyon Citizens yo Afekte tout moun Florida

Citizens jwe yon wòl san parèy nan mache asirans pwopriyete nan Florida ak kouvèti li ofri kandida ki kalifye ki pa ka jwenn asirans nan mache prive a.

## Kisa Kotizasyon yo Ye?

Kotizasyon yo se lajan ke moun asire Citizens yo ak moun ki pa asire Citizens yo dwe peye anplis de prim asirans regilye yo a lè – akòz yon gwo tanpèt, yon seri tanpèt mwens grav ak lòt evènman katastrofik – yo bezwen lajan adisyonèl pou peye reklamasyon asire yo. Kontrèman ak yon konpayi asirans prive, lalwa oblige Citizens pran kotizasyon sou kliyan li yo si lajan ki te destine pou peye reklamasyon yo ta fin depanse.

## Vrè Pri Asirans

Pou asire Citizens yo, kotizasyon sa yo ka enpòtan anpil. Menm lè Citizens jwi de yon pozisyon finansyè ki solid, li enpòtan pou ou konprann pwosesis kotizasyon an ak kijan sa ka afekte ou.

Asire yo afekte menm si ou pa yon kliyan Citizens oswa pa posede yon kay. Eksepte pou chaj siplemantè asire a, ke sèl asire Citizens yo peye, kotizasyon Citizens yo ka touche sou **prèské chak tip asirans pwopriyete ak asirans domaj**, menm sila yo e sa pa limite ak kontra asirans pwopriyetè yo, lokatè, machin, bato ak bêt domestik.



## REDWI RISK KOTIZASYON OU

Risk kotizasyon an reyèl. Kontakte ajan ou pou ede ou jwenn kontra asirans ak konpayi asirans ki adapte pi byen a bezwen ou yo.



Ou bezwen fè yon reklamasyon?

## Rele Citizens First

Fè reklamasyon ou sou Entènèt nan myPolicy sou [www.citizensfla.com/mypolicy](http://www.citizensfla.com/mypolicy)  
24 èdtan pa jou, sèt jou nan semèn nan  
**866.411.2742**

Scan QR code to report online



Objektif bwochi sa se pou bay enfòmasyon. Si sa ta rive ou jwenn kèk diferans ant bwochi sa ak kontra asirans ou an, se sa ki ekri nan kontra asirans lan ki gen plis valè.

The English version is available at [www.citizensfla.com/brochures](http://www.citizensfla.com/brochures).

La version en Español esta disponible en [www.citizensfla.com/brochures](http://www.citizensfla.com/brochures).




Citizens Property Insurance Corporation

866.411.2742

[www.citizensfla.com](http://www.citizensfla.com)



# Kiyès k ap peye kotizasyon Citizens yo aprè pwochen siklòn nan?



## CHAJ SIPLEMANTÈ ASIRE CITIZENS

Sipoze ke yon tanpèt gwo dega oswa yon seri tanpèt kite Citizens nan defisi (sa ki vle di gen bezwen lajan adisyonèl pou peye reklamasyon yo). Nan senaryo sa, lalwa fè Citizens obligasyon pou fè prelèvman yon **Chaj Siplemantè Asire Citizens jiska 15%** sa ki vle di ke asire Citizens yo ta ka peye jiska **15% chaj siplemantè** anplis de prim anyèl yo.

**Jiska 15% prim ou a**

## KOTIZASYON IJANS

Kotizasyon ijans yo faktire si yon defisi pèsite apre Chaj Siplemantè Asire Citizens nan aplike. Nan sitiyasyon sa, Citizens oblige fè yon **kotizasyon ijans** jiska **10% sou kont pa ane** kòm prim nan tout eta a. Sa gen ladann Asire Citizens ak mache prive asire yo pou kantite ane ki nesesè jiskaske defisi a elimine.

**10% de prim kontra asirans (ki gen ladan asirans lokatè, machin, bato ak bèt). Pou tout tan sa nesesè.**

**Chaj Siplemantè Asire Citizens = 1 lane**

**Kotizasyon Ijans = 1 oswa plis lane jiskaske defisi a elimine**



## CHAJ ADISYONÈL AK EVALASYON KA AJOUTE

Pou yon sèl kontra asirans ki gen yon prim \$3,000, **Chaj Adisyonèl Asire Citizens** la ta ka vle di yon frè adisyonèl \$450 lè w ap ap rekipere ou de yon pèt katastwofik.

Si okontré ou gen menm kategori kontra asirans la ak yon prim \$3,000 de yon konpayi mache-prive, ou p'ap anba obligasyon chaj \$450 pi wo a.

Pri a se yon pati esansyèl nan desizyon asirans ou a. Gade kijan kotizasyon yo ka afekte pri reyèl kontra asirans ou a apre yon tanpèt gwo dega oswa yon seri tanpèt ak Kalkilate Vrè Pri a nan [www.citizensfla.com/assessments](http://www.citizensfla.com/assessments).